



Pou Piblikasyon Imedya: 04/06/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE RATIFIKASYON AKÒ TRAVAY 3 LANE AVÈK PBA ETA NEW YORK

*Akò avèk Inite Sèvis Lapolis Ajans Eta New York la kouvri plis pase 1,100
anplwaye nan Eta New York*

*Akò a gen ladan ogmantasyon salè anyèl, ogmantasyon nan pèman lokal, jiska 12
semèn konje paran ki peye totalman ak chanjman nan benefis sante*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ratifikasyon yon akò travay twa lane ak Asosyasyon Benevòl Lapolis Eta New York (Police Benevolent Association of New York State), ki gen ladann plis pase 1,100 manm Inite Sèvis Lapolis Ajans Eta New York la nan tit tankou Gad Forè, Ajan Prezèvasyon Anviwònman, Ajan Patwouy nan Pak ak Ajan Lapolis Inivèsite. Akò a, ki dire jiska 31 mas 2026, te genyen apwobasyon 97 pousan manm PBA Eta New York ki te vote.

"Akò travay sa pral ede garanti bon jan konpansasyon pou manm ki gen kouraj nan Ajans Inite Sèvis Lapolis yo nan PBA Eta New York pou kontribisyon ekstraòdinè yo nan eta nou an," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen apresye patenarya lidèchip PBA Eta New York pandan tout negosyasyon yo epi mwen remèsye manm li yo pou travay di yo ak detèminasyon yo pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite, sitou vizitè nou yo nan pak ak zòn anviwònman Empire State yo ak manm kominote inivèsite nou yo."

Kontra ratifye a gen ladan ogmantasyon nan chak ane nan akò a ki konsistan avèk lòt akò ki fèk negosye yo. Anplis de sa, kontra a gen ladann lòt ogmantasyon nan konpansasyon tankou yon bonis fòfètè ak jiska 12 semèn konje parantal ki totalman peye. Kontra a gen ladann tou chanjman nan pwogram asirans sante a ki pral ankouraje patisipasyon anlwaye nan rezo a epi ede kontwole depans asirans sante yo.

Prezidan Asosyasyon Benevòl Lapolis Eta New York Jim McCartney te deklare, "PBA Eta New York kontan paske apre negosyasyon konplè avèk Biwo Relasyon Anplwaye eta a, manm nou yo te ratifye yon kontra twa lane ak Eta New York. Pandan kontra sa se yon pa pozitif annavan ak yon amelyorasyon sou kontra anvan nou an, anpil travay rete pou fèt pou bay yon konpansasyon konpetitif ak pake retrèt ki pral ede nan rekrite ak kenbe ajan ki pi divèsifye epi trè espesyalize ki fè respekte lwa eta."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)